# ÁDEBIY SHÍǴARMALARDAǴÍ UNAMLÍ HÁM UNAMSÍZ OBRAZLAR

**Davlatbayeva Gulidaxon Sheripbay qizi**
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleket pedagogika institutı, Sırtqı bólim Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligi 5-kurs studenti*
*gulidaxondavlatbayeva@gmail.com*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15079972**

***Annotaciya.*** *Maqalada kórkem shığarma ne ushın mazmunğa iye boliwi kerekligi, kórkem obrazlar tuwralı hám kórkem shığarmadağı unamlı hám unamsńz qaharmanlar, jaqsılıq hámme waqıtta jamnlıqtıń ústinen jeńimpaz bolıwı mısallar menen aytıp ótilgen.*

***Tayanısh sózler***: *kórkem ádebiy shığarma mazmunı, kórkem obraz, unamlı obraz, unamsız obraz, Uilyam Shekspirdiń «Romeo hám Juliet»,«Shıraq» ańızı.*

Tábiyatta, jámiyette, turmısta hárbir zattıń, qubılıstıń, kórinislerdiń, waqıyalardıń mazmunı boladı. Kórkem shığarmalarda mazmun jetekshi orında turadı. Basqasha aytqanda, kórkem shığarmada qanday da bir waqıyanı yamasa adamdı mázi súwretlep qoymaydı. Olar tuwralı qurğaq mağlıwmatlar beriw menen sheklenbeydi. Qanday da bir ideya hám mazmundı solar arqalı aytadı. Súwretlenip atrğan syujet arqalı, adamlardıń obrazları arqalı jazıwshı óziniń sırtqı dúnyağa, jámiyetke, turmısqa bolğan qatnasın, kózqarasın bildiredi, yağınıy shığarmanı ideyalar menen, mazmun menen toltıradı. [1-15]

Kórkem shığarmada jazıwshı jámyetlik turmıstağı, adam tágdirindegi qanday da bir máselelerdi, problemalardı kóteredi. Usı problemalardı qozğaw arqalı óziniń aytajaq oy-pikirin, basqasha aytqanda, ideyasın beredi. Sonday-aq, jazıwshı kórkem shığarmanı dóretiwdiń barısında belgili bir kózqaraslardı, principlerdi basshılıqqa aladı. Olardń ózi jaratqan obrazlarğa sińdiredi. Demek, kórkem shığarmanıń mazmunı **temadan**, **problemadan** hám **ideyadan** turadı eken. **Tema** – bul kórkem shığarmanıń sáwlelendiretuğın turmıslıq materialı, syujetlik materialları. Mısalı, T.Qayıpbergenovtıń «Maman biy ápsanası» romanınıń teması – XVIII ásirlerdegi qaraqalpaqlardıń jámiyetlik turmısı, sociallıq hám tariyxıy jağdaylar.

**Problema** (másele) – bul jańasha kóterilgen áhmiyetli turmıslıq, jámiyetlik, tariyxıy, sonday-aq, jekke adam tágdirine baylansılı máseleler. Problema – bul hárbir dáwir ádebiyatınıń yamasa jekke shığarmanıń tariyxıy, sociallıq jağdaylardan kelip shığıp kóteriletuğın áhmiyetli máselesi.

**Ideya** – kórkem shığarmada avtordıń ózi súwretlep atırğan waqıyalarğa, adamlarğa bolğan kózqaraslar, olarğa bergen bahalar, basqasha aytqanda, ideya – shığarmada kóterilgen máselelerdiń, jaratılğan obrazlardıń, xarakterlediń,

súwretlengen waqıyalardıń nátiyjelerinen kelip shıǵatuǵın juwmaqlar, obrazlı oy-pikirler. [1-16]

Kórkem shıǵarmanıń mazmunı qánshelli qızıqlı bolsa, onı oqıwshılar kóp boladı. Jer júzinde jazıwshılar kóp. Olardıń milliyardtan aslam shıǵarmaları bar. Birewlerin bilsek, birewleri haqqında hátteki esitpegenmiz. Buǵan ne sebep?!... Juwabı apıwayı. Bul – shıǵarmanıń mazmunı. Oqıwshı ózi oqıp atrǵan shıǵarmanı túsinbeydi eken, onıń kólemi úlken, yaki kishkene bolıwına qaramastan, shıǵarmanı oqımaydı. Shıǵarmanıń mazmunı apıwayı bolıwı shárt emes, meyli, qıyınlaw bolsın, biraq túsinikli bolıwı kerek. Túsiniksiz shıǵarma, kiyimsiz adamǵa uqsaydı. Onıń kiyimsiz júriwine túsinbegenimizdey, mazmunsız shıǵarmanı da ulıwma túsinbeymiz.

**Kórkem obraz** – kórkem ónerdiń hám kórkem ádebiyattıń baslı shárti. Kórkem ádebiyat sırtqı dúnyanı qalay bolsa solay fotografiyalıq usılda kórsetpeydi. Al, onı qayta islep, kórkemlep sáwlelentiredi. Eger de kórkem shıǵarma turmıslıq materiallardı, adamlardı, waqıyalardı qurǵaq bayanlasa, onda ol ápiwayı bayanlaw yaki málimleme dárejesinde qalıp qoyadı. Kórkem shıǵarma bolıw ushın birinshi gezekte sol waqıyalar, adamlar, oy-pikirler kórkemlep, yaǵınıy kórkem obraz túrinde beriliwi shárt. Kórkem obraz ádebiyatta birneshe túrlerge bóliniwi múmkin. Mısalı, estetikalıq qásiyetlerdiń sáwleleniwine qaray obrazlar tragediyalıq, qaharmanlıq, komediyalıq, satıralıq yamasa yumorlıq bolıp shártli túrde bóliniwi múmkin. Bul jaǵdayda kórkem obrazdıń estetikalıq qásiyetleri kózde tutıladı. [2-63]

Kórkem obraz **unamlı** hám **unamsız** bolıp ajıratılıwı múmkin. **Unamlı obraz** ózinde jámiyetlik normalarǵa say belgilerdi, jaqsı qásiyetlerdi jámleydi, onıń is-háreketleri xalıq tilegine, máplerine, ideallarına say iske asırıladı. **Unamsız obraz** ózinde jámiyetlik normalarǵa sıyıspaytuǵın qásiyetlerdi jámleydi. [1-20]

Jer júzindegi barlıq insanlardı eki toparǵa bóliwge boladı. Birinshisi, unamlı pazıyletlerge iye bolǵan jaqsı insanlar. Bunday insanlar hámme waqıtta óziniń turmısınan góre basqalardıń turmısın joqarı qoyatuǵın, aqıllı, bilimli jaqsı adamlar boladı. Al, ekinshisi, unamsız pazıyletlerge iye bolǵan jaman adamlar. Olar hmme waqıtta tek ózin oylaydı. Birewler haqqında ulıwma oylamaydı, olarǵa tek jamanlıq qıladı. Sol boyınsha, men awıl adamlarınan bir gúrriń esitip edim. «Allataala adamlardı topıraqdan jaratqan bolıp, topıraqqa muqaddes suwlardan: mártlik, batırlıq, hadallıq, jaqsılıq, shiyrinsózlik, miyirbanlıq hám taǵı basqa unamlı pazıyletlerdi qosqan. Allataala jumıs menen ketgen waqtında, shaytan kelip, qorqaqlıq, insapsızlıq, jamanlıq, miyirimsizlik, jalaxorlıq, ótirikshilik sıyaqlı unamsız pazıyletlerdi quyıp ketedi». Sonnan beri, adamlarda unamlı pazıyletler menen bir qatarda unamsız pazıyletler de rawajlanǵan eken.

Kórkem shıǵarmalardı oqıp atrǵanımızda, ondaǵı unamlı hám unamsız qaharmanlardıń pazıyletlerin azma-az kewlimizge jaqın alamız. Ne ushın kewlimizge jaqın alamız, degen soraw kelip shıǵıwı múmkin. Bunda, qandayda bir kórkem shıǵarmanı alayıq, onıń ishinde kóplegen qaharmanlar, bir birinen qızıqlı waqıyalar berilgen. Bas qaharman, yaǵınıy jaqsılıq tárepte turıp gúresetuǵın adam, ol jawızlıq obrazın jeńedi. Bunnan bizler quwanamız. Nege?... Sebebi, biz shıǵarmanı basınan baslap oqıp kiyatirmiz, jawızlıq tárepte turıp, tek ózin oylaytuǵın qaharman obrazın kózimiz benen kórmesek te, onıń bar ekenin, qánshelli dárejede jawız, ashkóz, jaman adam bolǵanın bildik. Sonıń ushın biz onıń jeńilgenine quwandıq hám jaqsılıq jeńimpaz bolǵanına kewlimiz kóterildi. Demek, jawızlıq heshqashan jeńiske erise almaytuǵınlıǵın bildik. Al, balalarımızǵa ertek oqıp bersek, sol esitken erteklerinen ózine juwmaq shıǵaradı. Jaqsılıq hámme waqıtta payda keltiretuǵınlıǵın, jamanlıq bolsa tek ziyan keltiretuǵının túsinedi. Sol, ertektegi jaqsı qaharman obrazın ózine úlgi dep biledi, oǵan uqsawǵa háreket etedi. Sonıń ushın, balalarǵa jas gezinen-aq jaqsılıqlar haqqında ertekler, kórkem shıǵarmalar oqıp beriw kerek, dep esaplayman.

Ayırım shıǵarmalardı oqıp otırıp, kózimizge jas keledi. Joqarıda aytıp ótilgen bir qansha tek ózin oylaytuǵın adamlardı dep, qanshadan-qansha biyguna insanlar jábir kóredi. Dúris, olar shıǵarmanıń eń aqırında ózlerine juwmaq shıǵaradı, biraq, ol waqıtta kesh bolǵan boladı. Bunıń barı ilimsizlik, aqılsızlikten kelip shıǵadı. Mısalı, ataqlı ingliz dramaturgı Uilyam Shekspirdiń «Romeo hám Juliet» tragediyasına qarasaq, eki shańaraqtıń bir birine bolǵan keklerin dep, biyguna jaslar erte qaytıs boladı. Eger, sol eki shańaraqtıń jası úlkenleri keshirimli bolıp, bir birine jamanlıqlar oylamaǵanında, eki jas jan tiri bolar edi. Bul shıǵarmanı apıwayı shıǵarma dep oylawıńız múmkin. Biraq onday emes. Tragediyanı oqıǵanımızda, bizler sol waıqttaǵı zamanǵa túsip qalamız. Baylar, jarlılar, bir birine dushpan shańaraqlardı kórip, házirgi jasap atrǵan zamanımızǵa shúkir etemiz. Aqırında, óz muhabbatı ushın janın bergen jas janlar ushın kózlerimizden tamshı jaslar aǵadı. Bunıń bári, jazıwshınıń sheberlik penen, shıǵarma qaharmanların anıq súwretlep bergeninen.

Ózimizde de bunday shıǵarmalar júdá kóp. Mısalı, «Shıraq» ańızın oqısaq, ondaǵı baylıq, dúnya-mal ushın ashkózlik penen adamlardı ayamay óltirip, hayal-balasın qul qılıp satıp jibergen, heshkimge miyrip-shapat qılmay, el-xalıqtı qırıp jibergen Dara, Ranosbat sıyaqlı jaman adamlar, óz xalqı, bala-shaǵası ushın janın bergen márt, hadal, aqıllı Shıraq obrazların kóremiz. Ańızdı oqısaq, insan qúdireti, aqılı neler qıla alıwına, hámme waqıt jaqsılıq jamanlıqtıń ústinen jeńiwine gúwa bolamız.

Insan jaralǵan eken, tuwıladı, jeydi, jasaydı, bilim aladı, óner úyrenedi, bala-shaǵalı boladı, dos-dushpanlı boladı, aqırında óledi. Usı aralıqta onnan ya jaqsılıq, ya jamanlıq qaladı. Bunıń barı usı qısa ómiri dawamında qılǵan islerinen málim boladı. Sonıń ushın ilajı barınsha jaqsılıq qılıw kerek. Xalqımız biykarǵa aytpaǵan: «Jaqsıdan baǵ, jamannan daq qaladı».

**Ádebiyatlar:**

1. Q.Járimbetov hám J.Saǵıydullaev "Ádebiyattanıw teoriyası", Nókis "Qaraqalpaqstan", 2020.
2. D.Quronov "Adabiyotshunoslikka kirish", Toshkent "Abdulla Qodiriy nomidagi Xalq merosi nashiryoti", 2004.
3. Калбаева, Г. С. (2018). Мотив чудесного рождения в каракалпакских народных легендах и его исторические основы. *Вестник Российского университета дружбы народов. Серия: Теория языка. Семиотика. Семантика*, *9*(3), 774-786.
4. Kalbaeva, G. S. (2021). Karakalpak folk legends about sulayman bakirganiy (hakim ata) and his son ubbi. *ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal*, *11*(11), 316-319.
5. Kalbaeva, G. S. (2023). Criteria and Principles for Determining the Genre Boundaries Among Subgenres of Folklore Prose. *Journal of Advanced Zoology*, *44*.